



Pou Piblikasyon Imedya: 26/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AP AJOUTE SOU EFÒ KI AP FÈT YO POU VIZE MÒTALITE
MATÈNÈL EPI REDWI INEGALITE RASYAL YO NAN REZILTA SANTE YO**

***Yo Te Etabli [Fòs Entèvansyon an](#) pou bay Konsèy sou Politik epi Sansibilizasyon
Kominote Ap Òganize Premye Reyinyon Piblik***

***Reyinyon Yo Ap Bay Dènve Enfòmasyon sou Pwogrè Repons Eta a epi Pwopoze
Rekòmandasyon Adisyonèl Apre Sesyon Odyans yo Atravè Eta a nan Kominote
Ki An Gwo Danje yo***

***Sesyon Odyans yo Atravè Eta a Ap Bay Fanm yo Vwa nan Kominote Ki An Gwo
Danje yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a pwogrè nan yon inisyativ global ke yo te anonse nan kòmansman ane sa a pou sibler motalite matènèl epi redwi inegalite rasyal yo nan rezilta sante yo. Eta a nan Madi te òganize premye reyinyon piblik li depi lè ke [fòs entèvansyon](#) an te kreye an Jen - yon etap ki enpòtan anpil pou evalye pwogrè inisyativ Gouvènè an, diskite sou dekouvèt sesyon odyans yo atravè eta a nan kominote ki an gwo danje yo epi pwopoze plis rekòmandasyon.

“New York angaje nan asire ke chak fanm ki nan eta a gen aksè egal ego a bon jan kalite swen sante, epi inisyativ sa a pral ede kraze baryè ki pa nesèsè yo pou ka jwenn swen”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sesyon odyans sa yo ak reyinyon fòs entèvansyon an yo se mezi ki enpòtan anpil nan abòde inegalite rasyal inakseptab yo ki nan sistèm swen sante nou an ak kreyasyon yon New York ki pi djanm, pi an sante pou tout moun.”

“Nou te fè pwogrè pou asire ke tout fanm yo gen aksè a bon jan kalite swen sante ki a pri abòdab pou anpeche motalite matènèl, men yon gwo inegalite rasyal toujou egziste e ki bezwen solisyon ki kreyatif ak mezi enteresan”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Se yon grav enjistis dèske fanm ki nwa yo nan Eta New York gen kat fwa plis pwobabilite pou yo mouri pandan akouchman yo ke nenpòt fanm blanch, ap menm pi gwo inegalite ke nan lòt eta yo. Nan kad fòs entèvansyon motalite matènèl lan, nou ap asire ke tout fanm yo gen yon vwa nan abòde pwoblèm grav sa a pou ede sove lavi. Nou angaje nan elaji aksè a swen matènèl yo pou ke tout manman pitit nan New York yo, kèlkeswa ras yo, gen menm opòtinite pou kapab viv lontan epi viv an sante.”

Jan ke yo te diskite nan reyinyon Madi a, fòs entèvansyon an pral kontinye bay avi politik ekspè sou amelyorasyon rezilta matènèl yo, abòde inegalite rasyal ak ekonomik yo epi redwi frekans mòbidite ak mòtalite matènèl nan Eta New York. Fòs entèvansyon an gen ladan pwofesyonèl swen sante ki ap mennen yo, Sekretè Gouvènè a ak Prezidan Konsèy sou Fanm ak Fi yo nan Eta New York lan (New York State Council on Women and Girls) Melissa DeRosa, Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul, Avoka Piblik Vil New York lan Letitia James ak moun yo nonmen ki soti nan Lidè Demokratik Sena a Andrea Stewart-Cousins, Pòt Pawòl Asanble a Carl Heastie, Lidè Majorite Sena a John Flanagan ak Lidè Minorite Asanble a Brian Kolb, menm jan ak lòt pati ki konsène yo ak manm ki nan kominote a. Fòs entèvansyon an dirije pa:

- Howard Zucker, MD, JD, Komisè, Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York
- Sascha James-Contarelli, DNP, CNM, LM, Prezidan Asosiyasyon Fanm Saj ki Gen Lisans nan New York (New York Association of Licensed Midwives)
- Danielle Laraque-Arena, MD, FAAP- Prezidan SUNY Upstate
- Wendy Wilcox, MD, MPH, Prezidan, Depatman Obstetrik ak Jinekoloji, NYC Health and Hospitals, Konte Kings

Pandan ke Eta New York te fè amelyorasyon nan redwi nivo mòtalite matènèl yo depi an 2010, kote li te klase 46 èm nan nasyon an pou nivo mòtalite ki pi ba, eta a toujou klase 30èm nan nasyon an. An plis de sa, inegalite rasyal yo pèsiste, pliske fanm ki nwa yo gen prèske kat fwa pi plis pwobabilite sou plan nasyonal pou mouri nan akouchman ke fanm ki blanch yo ak twa fwa pi plis nan New York. Rechèch yo montre ke nan Vil New York fanm ki nwa ki edike anpil yo toujou sibi pi mal yon fason konsiderab ke fanm blanch yo ki gen mwens ke yon diplòm lekòl segondè.

Sou enstwiksyon Gouvènè Cuomo, Komisè Depatman Sante a Dr. Howard Zucker te dirije yon seri sesyon odyans atravè eta a nan kominote ki an gwo danje yo. Reyinyon nan Bronx, Brooklyn, Queens, Harlem, Albany, Syracuse ak Buffalo yo te bay yon opòtinite pou ka koute pati ki konsène yo, ki gen ladan fanm ki ansent yo, eksplore baryè ke fanm yo ap fè fas a yo nan jwenn swen perinatal woutine epi diskite sou estrateji yo pou ka pi byen ogmante atansyon sou siy ak sentòm pre-eklanpsi yo ak lòt koz mòtalite matènèl ak mòbidite yo.

Inisyativ Adisyonèl ke yo te diskite sou yo nan reyinyon Madi a gen pami yo:

Etablisman Komite Revizyon Mòtalite Matènèl lan (Maternal Mortality Review Board) -- Sou rekòmandasyon Komite sou Fanm ak Fi yo ke Gouvènè a te mete sou pye, Depatman Sante a te etabli Konsèy Revizyon Mòtalite Matènèl la, ki konpoze ak pwofesyonèl sante yo ki soti nan yon seksyon konjwen pati ki konsène yo alantou eta a ki ap bay sèvis ak/oswa ki se reprezantan divèsite fanm yo ak manman yo ki atravè eta a, pou travay an kolaborasyon ak Inivèsite Obstetisyen ak Jinekòlòg Ameriken an (American College of Obstetricians and Gynecologists, ACOG) ak Vil New York pou revize chak lanmò matènèl nan Eta New York. Komite a, ki pral konvoke nan kòmansman ane 2019 lan, responsab pou fè rekòmandasyon politik yo pou DOH pou kapab amelyore rezilta matènèl yo apati rediksyon mòbidite ak mòtalite matènèl yo, epi rekòmandasyon yo pral espesifikman kontanple inegalite rasyal ak ekonomik yo.

Lanse Somè sou Pi Bon Pratik lan ak Lopital yo ak OB-GYN yo -- Gouvènè a, an patenarya ak Asosiyasyon Lopital Greater New York (Greater New York Hospital Association), Asosiyasyon Swen Sante nan Eta New York (Healthcare Association of New York State, HANYS), ACOG, ak lòt pati ki konsène yo, pral lanse yon somè ane sa a pou diskite sou pwoblèm mòbidite ak mòtalite matènèl, ki gen ladan inegalite rasyal yo. Somè a pral abòde estatistik yo, pi bon pratik, atansyon kominote a, pwogram eskolè lekòl medikal, metriz nan edikasyon medikal, ak fòmasyon pou doktè praktisyen, ak objektif pou mete sou pye mezi imedya yo epi idantifye atik aksyon fiti yo pou amelyore jesyon ak swen matènèl.

Pilote Ekspansyon Kouvèti Medicaid pou Fanm Saj yo -- DOH pral pilote ekspansyon kouvèti Medicaid pou fanm saj yo nan kòmansman ane 2019 lan. Fanm saj yo se antrenè akouchman ki pa medikal ki ap ede yon fanm anvan, pandan, oswa apre akouchman an si sa nesèsè. Fanm saj ki sètifye yo te montre ke yo ogmante rezilta sante ki pozitif yo, ki gen ladan rediksyon konplikasyon nan akouchman yo pou manman an ak ti bebe an.

Sipòte Demonstrasyon Santraj Gwosès yo (Centering Pregnancy) -- New York pral ogmante sipò pou yon pwogram ki te enkli nan inisyativ “1,000 Premye Jou nan Lavi yo” (First 1,000 Days of Life) nan dikou Eta Leta Gouvènè an, ke yo konnen sou non Santraj Gwosès. Pwogram lan elabore pou ranfòse rezilta gwosès yo atravè yon konbinezon ant edikasyon prenatal ak sipò sosyal, epi li te asosye ak frekans ki redwi pou nesans prematire ak nesans ak ti pwa yo, redwi frekans dyabèt jestasyonèl ak depresyon pòsnatal, nivo alètman ki pi wo ak pi bon espas ant gwosès yo. Gwosès ki santre te demontre tou ke yo diminye inegalite nan nivo nesans prematire yo ant fanm ki nwa ak fanm ki blanch yo.

Egzije Edikasyon Medikal ak Devlopman Pwogram Eskolè Ki Ap Kontinye -- Gouvènè an pral mande Komite Eta a pou Medsin lan (State Board for Medicine) pou li egzije praktisyen ki apwopriye yo pou yo patisipe nan edikasyon medikal ki ap kontinye sou mòbidite/mòtalite matènèl yo ak rezilta rasyal ki diferan. An plis, DOH pral travay ansanm ak lekòl medikal yo, ki enkli kat lekòl medikal SUNY, pou konstwi materyèl sou mòbidite/mòtalite matènèl ak rezilta rasyal ki diferan yo nan pwogram eskolè lekòl medikal yo, metriz nan edikasyon medikal, ak fòmasyon pou doktè ki ap pratike yo. SUNY te etabli yon gwoup ki ap travay atravè eta a pou kowòdone efò ki ap fèt yo atravè lekòl segondè yo, epi yo te idantifye ekspè kle yo ki pral bay konsèy sou divès aspè pwogram eskolè ak pwogram fòmasyon yo.

Elaji Kolaboratif Klaite Perinatal nan Eta New York lan (New York State Perinatal Quality Collaborative) -- Eta a te elaji kolaborasyon li ak lopital yo ki atravè Eta New York pou kapab revize pi bon pratik yo pou abòde emoraji a, epi mete sou pye nouvel liy direktis klinik yo pou redwi mòtalite matènèl. Plis pase 80 lopital angaje volontèman nan efò sa a, ki dirije epi kowòdone pa Depatman Sante a. Kolaboratif sa a te idantifye metrik kle yo pou mezire reyisit nan redwi emoraji matènèl, menm jan ak liy direktis klinik ki redije yo ke yo pral itilize finalman atravè eta a pou amelyore kalite swen.

Komisè Depatman Sante a, Doktè Howard Zucker, te deklare, “Mwen onore pou mwen ap dirije Fòs Entèkansyon sou Mòtalite Matènèl ak Rezilta Rasyal Ki Diferan yo (Taskforce on Maternal Mortality and Disparate Racial Outcomes), yon inisyativ ki

esansyèl epi rantab ki pral amelyore rezilta sante yo pou fanm atravè eta a. Angajman Gouvènè a pran pou asire ke tout fanm yo gen aksè a swen ke yo bezwen nan fè New York yon eta ki pi an sante pou tout moun”.

Prezidan Komite Sante Asanble a (Assembly Health Committee), Richard N.

Gottfried, te deklare, “Chak nouvèl manman ak ti bebe ki fèk fèt ta dwe gen yon dwa a bon jan kalite swen sante san obstak finansye yo. Nivo mòtalite matènèl New York yo toujou pi wo pase jan ke yo ta dwe ye, patikilyèman inegalite rasyal ak nan kominote yo, epi mwen espere travay ansanm ak ekspè sante piblik yo ak lejislatè yo pou kontinye abòde pwoblèm kritik sa a”.

Manm Asanble Latoya Joyner te deklare, “Chak fanm merite gen pi bon swen posib pou tèt yo ak ti bebe yo an ki fèk fèt, epi akonpli objektif sa a egzijè pwofesyonèl medikal ki konpetan sou plan kiltirèl yo pou ka sou devan sèn amelyorasyon rezilta swen sante yo epi redwi nivo mòtalite matènèl. Fokis fòs entèvansyon an sou pwoblèm mòtalite matènèl gen sou sante fanm yo ke yo te neglije depi lontan ap bay nou yon opòtinite inik pou eksplore inisyativ ki nesèsè yo pou sove lavi epi mwen apresye sipò ke Gouvènè Cuomo ak Depatman Sante eta a te montre pou travay fòs entèvansyon an”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)